



Diocese of Palm Beach

9995 North Military Trail • P.O. Box 109650
Palm Beach Gardens, Florida 33410-9650

Office of
THE BISHOP

(561) 775-9595 Fax (561) 775-7035

Mesaj Videyo nan Legliz la de Monsenyè Barbarito:

Frè ak Sè nan Kris la,

Jan mwen te déjà abòde nan yon videyo ak sou plizyè ekri ak sou plizyè admision, Novanm sa a, nan eleksyon anyèl la, gen yon sijè sou bilten vòt la ki tankou, si se pa plis enpòtan pase nenpòt lòt desizyon ke nou kòm elektè Florid yo pral pran.

*Se paske sò tibebe ki pokò fêt pa janm te tèlman dirèkteman nan men chak elektè endividyeòl.
Chak nan nou pral gen pouvwa pou pwoteje tibebe ki pokò fêt yo, oswa pèmèt plis avòtman pase ke anba Roe vs Wade. Lafwa nou kòmande nou pou nou trete chak moun, tankou si yo te Kris la li menm - menm si la yo ki poko fêt.*

Anplis nou vote NON sou amannman 4 la, nou dwe ankouraje manm fanmi nou ak zanmi nou yo pou yo fè menm bagay la, paske, jan ou pral wè byento, gen anpil rezon pou moun ki pa pataje lafwa nou, oswa opinyon nou sou avòtman, pou vote Non sou Amannman 4, ki se yon amannman danjere e ekstrèm.

Mwen ta renmen prezante w Doktè Grazie Christie, yon doktè, yon manman, ak yon Katolik parèy nou pou di nou plis sou Amannman 4 la ak poukisa nou ta dwe vote non.